

### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ratna (2010, kc. 34) nétélakeun yén métode mimiti kecapna tina *methods*, basa latin, sedengkeun *methodos* mimiti asal kecapna tina *meta* jeung *hodos*. *Meta* mangrupa ngaliwatan, sanggeus, sedengkeun *hodos* mangrupa jalan, cara, arah. Dina wangenan nu leuwih lega métode minangka cara-cara, pikeun maham realitas, cara nu sistematis pikeun ngabéréskeun masalah sebab akibat sanggeusna.


Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data jeung udagan sarta kagunaan nu tangtu. Dumasar hal éta aya opat kata kunci nu perlu diperhatikeun, nya éta: cara ilmiah, data, jeung udagan sarta kagunaan (Sugiyono, 2013, kc. 2).


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif dina métode deskriptif analitik. Métode deskriptif analitik nya éta métode nu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna dituluykeun ku analisis (Ratna, 2010, kc. 53).

Maksud nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun struktur-sémiotik nu nyangkaruk dina rumpaka panambih sanggihan Mang Engkos. Salian ti éta sangkan nyangking gambaran luyu henteuna éta rumpaka-rumpaka digunakeun pikeun bahan pangajaran di SMA.

### 3.1 Désain Panalungtikan

Gulo (2002, kc. 99) nétélakeun yén desain panalungtikan mangrupa *cetak biru* nu nangtukeun kagiatan satuluyna. Dina nyusun desain dilakukeun sanggeus nangtukeun topik (judul) panalungtikan nu bakal dilaksanakeun. Desain panalungtikan mangrupa bagan guluyuran tahap panalungtikan. Desain pikeun ieu panalungtikan kagambar sakumaha bagan di handap.





Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

Dina desain di luhur bisa katitén yén ayana nangtukeun masalah didieu maksudna ngeunaan masalah nu aya patalina jeung panalungtikan nu dilaksanakeun. Saperti ayana masalah kurang ngirutna siswa kana kawih atawa tembang, ku sabab loba dongkari-dongkari nu hésé diturutan. Salian ti éta masalah dina cara ngajar guru kana pangajaran basa Sunda hususna ngeunaan kawih.

Dina ieu panalungtikan, ayana nyieun rumusan masalah maksudna nya éta panalungtik ngumpulkeun sababaraha masalah, tuluy di idéntifikasi nepi ka ayana masalah-masalah. Sanggeus kitu tuluy dipilah-pilah deui nu ngawujud kana

rumusan masalah atawa pertanyaan-pertanyaan anu bakal dipedar dina bab IV. Ayana nangtukeun udagan atawa tujuan kana ieu panalungtikan, tangtu ieu panalungtikan miboga udagan nya éta nganalisis ngeunaan rumpaka panambah sanggihan Mang Engkos pikeun bahan pangajaran rumpaka kawih di SMA. Tuluy nganalisis ngeunaan maksud dina rumpaka panambah sanggihan mang Engkos ngaliwatan kajian struktur jeung sémiotik.

Satuluyna aya nangtukeun rarancangan téorétis konseptual, maksudna nya éta nangtukeun téori nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina struktur ayana téori nu dimekarkeun ku Abdullah Mustappa, tuluy dina semiotik ayana téori nu dimekarkeun ku Charles Sanders Peirce. Aya deui nya éta nangtukeun métode panalungtikan. Métode panalungtikan nu dipaké, pamarekan kualitatif dina métode deskriptif analitik. Sabab nganalisis dina ieu panalungtikan mangrupa ngadéskripsikeun rumpaka-rumpaka sanggihan Mang Engkos lain nangtukeun hasil nu mangrupa angka-angka. Tuluy dina ngumpulkeun datana maké téhnik studi pustaka jeung téhnik dokuméntasi.

Studi pustaka dina ieu panalungtikan saperti néangan téori-téori anu luyu jeung bahan nu rék dipedar. Tuluy dina téhnik dokuméntasi pikeun nganalisis kajian struktur jeung sémiotik kana rumpaka-rumpaka panambah sanggihan Mang Engkos. Sanggeus kitu nganalisis data ngaliwatan kajian struktur jeung sémiotik nu aya dina rumpaka-rumpaka panambah sanggihan Mang Engkos.

Tina analisis bieu tuluy nyieun bahan pangajaran rumpaka cianjuran nu mangrupa rumpaka atawa téks tembang jeung instrumen évaluasi pangajaran. Nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil analisis jeung saran.

## **3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan**

### **3.2.1 Partisipan**

Nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2009, kc. 360) nétélakeun yén partisipan nyaéta jalma nu ilubiung dina hiji kagiatan. Tangtu jalma nu jadi partisipan dina panalungtikan kudu miboga pangaweruh ngeunaan panalungtikan nu rék dipedar.

Partisipan nu ngabantu dina ieu panalungtikan nyaéta Aki Dadan, jeung Dian Hendrayana. Éta partisipan nu méré sumber data ngeunaan tembang Sunda

Cianjuran sacara gembleng. Hususna dina wanda panambih sanggian Mang Engkos.

### **3.2.2 Tempat Panalungtikan**

Lokasi dina ieu panalungtikan aya patalina jeung tempat dimana meunangkeunna buku-buku nu rék dipedar, ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan tembang Sunda cianjuran kana rumpaka wanda panambih. Lokasina aya di Cianjur, di DKC (Dewan Kesenian Cianjur), Perpustakaan Cianjur (Perpustakaan Daérah), Bapusda (Badan Perpustakaan Daérah), Perpustakaan UPI Bandung, jeung Perpustakaan Daérah Déposit Bandung Jawa Barat.

## **3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Sugiyono (2013, kc. 308) ngébréhkeun yén téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling utama dina panalungtikan, sabab tujuan utamana tina panalungtikan nyaéta meunangkeun data. Lamun henteu nyaho kana téhnik ngumpulkeun data, panalungtik moal bisa meunangkeun data nu maksimal.

### **3.3.1 Wangun Data**

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data sekunder. Sumber-sumber sekunder nurutkeun Nasution (1987, kc. 182) ngébréhkeun yén dina sumber sekunder téh dibagi deui aya sumber sekunder pribadi jeung umum. Sumber sekunder pribadi mangrupa surat-surat, kitab harian, catetan biografi, jeung nu sajabana. Sumber sekunder umum mangrupa data nu aya dina arsip nu aya pikeun panalungtik.

Dina sumber sekunder aya sumber-sumber séjén saperti nu aya dina majalah, buletin, publikasi, laporan-laporan tina bahan-bahan resmi saperti kementrian-kementrian, hasil-hasil studi, thesis, hasil survey, studi historis, jeung sajabana. Data sekunder dina ieu panalungtikan mangrupa dokumen literature atawa buku-buku nu aya patalina jeung tembang Sunda cianjuran dina wanda panambih.

### **3.3.2 Instrumén Panalungtikan**

Arikunto (2010, kc. 192) nétélakeun yén instrumen nya éta pakakas dina waktu panalungtikan nu ngagunakeun salasahiji métode. Instrumén panalungtikan

dina panalungtikan kualitatif, panalungtik mangrupa salaku nu ngararancang, nu ngumpulkeun data, nganalisis, nafsirkeun data, jeung tungtungna panalungtik sorangan nu méré hasil panalungtikanna (Moleong 2011, kc. 168).

Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikna sorangan salaku instrumén, Tuluy pikeun meunangkeun data nu lengkep panalungtik ngagunakeun instrumén nya éta kaset rekaman nu judul kasetna aya “Paheut Jangji”, “Ngawisik Diri”, “Nunggelis (asih nu leungit)”, “Kembang Soca”, “Arkuh Lagu Pasanggih Tembong Sunda ka-14 taun 1996) Daya Mahasiswa Sunda”, jeung “Sumalindung”. Dina genep kaset éta aya tujuh lagu wanda panambah sanggihan Mang Engkos diantaranya ‘Kingkilaban’, ‘Rumingkang’, ‘Nyawang Asih’, ‘Asih Nu Leungit’, ‘Gerentes Ati’, ‘HanjakalTepang’, jeung ‘Lebah Bubulak’.

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 235) yén dina analisis data miboga tilu léngkah nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngasupkeun data saluyu kana pamarekan panalungtikan. Ieu panalungtikan ogé maké sistim tabulasi/tabel dina wangun slip data. Slip data ieu dipaké pikeun nganalisis jumlah pada jeung padalisan, imaji, simbol atawa lambang, musikalitas atawa wirahma, suasana, téma, gaya basa, indéks, ikon jeung simbol dina rumpaka. Slip data mangrupa instrumén minangka alat analisis.

## 1) Struktur Rumpaka

### Slip data 3.1

#### Jumlah Pada jeung padalisan

No	Kode Rumpaka	Judul Rumpaka	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

## Slip data 3.2

## Interpétasi kana Imaji

No	Kode Rumpaka	Référénsi	Imaji
(1)	(2)	(3)	(4)

## Slip data 3.3

## Interpétasi kana Musikalitas atawa Wirahma

No	Kode Rumpaka	Wirahma	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

## Slip data 3.4

## Interpétasi kana Suasana

No	Kode Rumpaka	Suasana	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

## Slip data 3.5

## Interpétasi kana Téma

No	Kode Rumpaka	Téma	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

## Slip data 3.6

## Interpétasi kana Gaya Basa

No	Kode Rumpaka	Gaya Basa	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

## 2) Kajian Sémiotik

### Slip data 3.7

#### Interpétasi kana Ikon

No	Kode Rumpaka	Ikon	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

### Slip data 3.8

#### Interpétasi kana Indéks

No	Kode Rumpaka	Indéks	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

### Slip data 3.9

#### Interpétasi kana simbol

No	Kode Rumpaka	Simbol	Interpétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

### 3.3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka jeung téhnik dokuméntasi. Studi pustaka nya éta téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara maca bahan-bahan nu raket patalina jeung masalah nu rék ditalungtik sarta nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganna jeung bahan panalungtikan. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nganalisis sakabéh data dumasar kana struktur jeung sémiotik anu sumberna tina rumpaka-rumpaka wanda panambih sanggihan Mang Engkos.

### **3.4 Analisis Data**

Data anu geus dikumpulkeun saméméhna tuluy diolah sangkan meunangkeun hasil anu luyu jeung tujuan anu hayang dihontal. Ieu panalungtikan miboga léngkah-léngkah dina ngolah data. Anapon éta léngkah-léngkah bisa ditingali ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun data, mangrupa déskripsi tina rumpaka-rumpaka wanda panambih sanggihan Mang Engkos, ku cara nyirian ku kode rumpaka ti A nepi ka G, pada jeung padalisan (1:1);
- 2) Nganalisis data ngaliwatan kajian struktur dina rumpaka-rumpaka wanda panambih sanggihan Mang Engkos;
- 3) Nganalisis data ngaliwatan unsur semiotic dina rumpaka wanda panambih sanggihan Mang Engkos;
- 4) Nyieun bahan pangajaran rumpaka Cianjuran nu mangrupa rumpaka atawa téks tembang jeung instrumén évaluasi pangajaran;
- 5) Nyieun kacindekan jeung rékoméndasi.